# MIYNET RESURSLARÍNÍŃ QÁLIPLESIWIN ÚYRENIWDIŃ TEORIYALÍQ METODIKALÍQ TIYKARLARÍ

**Auezov Omirbay Tazabaevich –** *stajyor oqıtıwshı*
omirbayauezov@mail.ru
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

## ТЕОРЕТИКО-МЕТОДОЛОГИЧЕСКИЕ ОСНОВЫ ИЗУЧЕНИЯ ФОРМИРОВАНИЯ ТРУДОВЫХ РЕСУРСОВ

**Ауезов Омирбай Тазабаевич –** *стажёр преподаватель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

## THEORETICAL AND METHODOLOGICAL FOUNDATIONS OF THE STUDY OF LABOR RESOURCE FORMATION

**Auezov Omirbay Tazabaevich** – *trainee teacher*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so'zlar:** tug'ilish, o'lim, aholi ko'payishi, mehnat resurslari, ishchi kuchi, mehnatga layoqatli yosh, bandlik, migratsiya harakati.

**Rezyume.** Ushbu maqolada mehnat resurslari haqidagi fikrlarni va qonuniyatlarni o'rganish, mehnat resurslari ortiqchaligi ishsizlik muammosiga va ishchi kuchining ish izlab boshqa hududlarga migratsiyasiga olib keladi va bu jarayonlarni o'rganish zarur.

**Ключевые слова:** рождаемость, смертность, рост населения трудовые ресурсы, рабочая сила, трудоспособный возраст, занятость, миграционное движение.

**Резюме.** В данной статье необходимо изучить мнения и закономерности, касающиеся трудовых ресурсов. Избыток трудовых ресурсов приводит к проблеме безработицы и миграции рабочей силы в другие регионы в поисках работы.

**Key words:** birth rate, mortality, population growth, labor resources, workforce, working age, employment, migration movement.

**Summary.** In this article, it is necessary to study the opinions and patterns regarding labor resources, as labor resource abundance leads to the problem of unemployment and the migration of the workforce to other regions in search of work, and it is necessary to study these processes.

**Kirisiw.** Óndiristiń úzliksiz dawam etiwi, onıń rawajlanıwı ushın xalıqtıń sanı hám oniń turaqlı ósip barıwı úlken áhmiyetke iye. Bul boyinsha amerikalı alım "Miynet resursları", "jumisshı kúshi" sıyaqlı usınday túsinikler qatarına kirgiziw múmkin. "Miynet resursları" atamasın dáslep akademik S.G.Strimulin óziniń 1922-jılı járiyalanǵan maqalalarınan birinde qollanǵan.

Uzaq jıllar dawamında onnan mámlekettiń insan resursların basqarıw hám paydalanıw nátiyjeliligin arttırıw maqsetinde paydalanıldı. Miynetke jaramlı xalıq – miynet resursların shólkemlestirip, ol tábiyiy, materiallıq hám finanslıq resurslar menen bir qatarda qatań statistikalıq esapqa alınıwı ekonomikanı oraylasqan usılda rejelestiriwdiń áhmiyetli elementlerinen biri edi [4].

Demek, bul regionda xalıq sanınıń kóbeyiwi hám onıń jaylasıwı óndiris kúshleriniń rawajlanıwı hám aymaqlıq shólkemlesiwi menen bir-birine sáykes keliwi sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwǵa tiykar jaratadı. Bolmasa, bul procesler arasındaǵı teńsalmaqsızlıqlar bir qatar sociallıq-ekonomikalıq mashqalalardı keltirip shıǵaradı. Sonıń ushın da xalıqtıń sanı hám onıń aymaqlıq quramındaǵı ózgerislerge tásir etiwshi faktorlardı izertlew, prognozlaw áhmiyetli.

**Ádebiyatlarǵa sholıw.** Ózbekistanda xalıq hám miynet resursları, boyınsha ózleriniń ilimiy jumısları hám ilimiy maqalalarında úyrengenligin kóriwmizge boladı hám olar I.Mullajanov [9], L.P.Maksakova [6], A.S.Soliev [5], D.G.Muminov [3], Z.N.Tojieva [7], hám basqalar. Qaraqalpaqstanda bolsa xalıq hám miynet resursları, processi boyınsha G.Utepova [8], G.Xodjaeva [4], N.J.Embergenov [2] hám basqalardıń ilimiy jumıslarında, ilimiy maqalalarında kórsek boladı.

**Tiykarǵı bólim.** Házirgi dáwirde, bul processlerdi úyreniwde xalıqtıń miynet resursları geografiyası, sociallıq-ekonomikalıq tarawlar hám basqa da bir qatar tarmaqlardıń tiykarǵı izertlew obyekti sıpatında tutqan ornı úlken.

"Miynet resursları" túsinigi mánisine qaray bir-birine jaqın keletuǵın birneshe túsiniklerden ibarat. G.S.Vechkanov hám G.R.Vechkanovalar miynet resursların miynetti fizikalıq hám aqılıy uqıplılıq sıpatında qaraydı. Olardıń pikirinshe "miynet resursları" olardı jasaw ushın ekonomikalıq qatnas, miynet procesindegi háreketler hám adamzat iskerliginiń basqa tarawlarında xızmeti sıpatında kóriw kerek.

Z.N.Tojievanıń pikirinshe, miynet resursları – xalıqtıń miynetke uqıplı bólegi. Olarǵa ekonomikalıq belsendi xalıq penen birge, islemeytuǵın hám miynetke jaramlı jastaǵı jumıs islemey atırǵan, sonıń ishinde, óndiristen ajıralǵan halda oqıp atırǵan miynetke jaramlı insanlar da kiredi. Keńirek mániste ilimiy ádebiyatlarda miynet resurslarına tómendegishe sipatlama berilgen. "Miynet resursları mámleket xalqınıń bir bólegi bolip, olardıń fizikalıq rawajlanıwı, aqılıy qábileti hám bilimleri, xalıq xojalıǵında islewge uqıplı insanlar" [7]. Haqıyqatında da, "miynet resursları" túsinigi, islewge májbúr boliwi múmkin bolǵan, yaǵnıy fizikalıq jaqtan islewi múmkin bolgan adamlar sanı.

Miynetke uqıplı xalıq, tiykarınan, miynetke uqıplı jastaǵı, olardıń psixofizikalıq maǵlıwmatları boyınsha óndiris procesinde qatnasıwǵa uqıplı bolǵan shaxslar jıyındısı bolıp tabıladı. Miynet resursları sanı eki kategoriyadaǵı adamlardı qamtıp aladı. Birinshisi, miynetke jaramlı jastaǵı miynetke jaramlı xalıq. Ekinshisi, miynetke jaramlı jastan tısqarı jumıs isleytuǵın xalıq [5].

Usı kózqarastan hár qanday mámleket yaki region xalqına táriyp beriw, dáslep xalıqtıń sanı hám onıń belgili bir dáwir dawamında ózgerip barıwın anıqlaw hám izertlewden baslanadı. Xalıqtıń sanınıń ósiwi bolsa oniń ol yaki bul aymaqta, izbe-iz ózgeriwi bolip tabıladı. Bul process waqıt kózqarasınan turaqlı ózgerip, tereń teoriyalıq hám ámeliy izertlewlerdi alıp barıwdı talap etedi.

Miynet resurslarına hár qıylı qatnaslar bar bolıp, olardıń ishinen N.A.Gorelovtıń [3] pikiri itibarǵa ılayıq: "Miynet resursları ekonomikalıq kategoriya bolıwı menen birge xalıqtıń fizikalıq hám ruwxıy miynetke múnásibetin kórsetedi".

Miynet resursları jámiyet rawajlanıwında júdá áhmiyetli orın iyeleydi. E.Nabiyev, A.Kayumovlardıń pikiri boyınsha "Miynetke jaramlı jastaǵı xalıq salıstırmalı hám absolyut kórsetkishleriniń ózgeriwi miynet resurslarınıń júzege keliwi hám ol arqalı mámlekettiń ekonomikalıq rawajlanıwınıń pátine tásir etedi".

Óz náwbetinde, joqarıda keltirilgen procesler tiykarında *miynet resursları sanı miynetke jaramlı jastaǵı xalıq sanı hám miynetke jaramlı jastan kishi hám úlken jastaǵı islewshiler sanı qosındısı sıpatında tómendegi formula boyınsha anıqlanadı:*

LR = WAPM - WTP, bunda:

LR - miynet resursları;

WAPM - miynetke jaramlı jastaǵı miynetke jaramlı xalıq;

WTP - islep atırǵan jas óspirimler hám pensionerler.

*Jumısqa jaylastırıwǵa mútáj, miynet penen bánt bolmaǵan shaxslar (jumıssızlar) sanı miynet resursları sanınan miynet penen bánt bolǵanlar sanın hám ekonomikalıq jaqtan belsendi bolmaǵanlar sanın shıǵarǵan halda tómendegi formula boyınsha anıqlanadı:*

U = LR - E - EIP, bunda:

U - jumısqa jaylastırıwǵa mútáj, miynet penen bánt bolmaǵan shaxslar (jumıssızlar);

LR - miynet resursları;

E - miynet penen bánt bolgan puqaralar;

EIP - ekonomikalıq aktiv bolmaǵan xalıq.

WAPM sanı miynetke jaramlı jastaǵı xalıq sanınan (16 jastan 60 jasqa shekemgi er adamlar hám 16 jastan 55 jasqa shekemgi hayal-qızlar) miynetke jaramlı jastaǵı I hám II topar mayıpları, sonday-aq, jeńilletilgen shártlerde pensiya alıp atırǵan miynetke jaramlı jastaǵı shaxslar sanın shıǵarıp taslaw jolı menen anıqlanadı:

WAPM = Mp (16-59) + Wp (16-54) – Ip - PP, bunda:

Mp (16-59) – 16 jastan 60 jasqa shekem bolgan erkekler;

Wp (16 - 54) - 16 jastan 55 jasqa shekemgi hayal-qızlar;

Ip – miynetke jaramlı jastaǵı I hám II topar mayıpları;

PP – jeńilletilgen shártlerde pensiya alıp atırǵan miynetke jaramlı jastaǵı pensionerler.

*Informaciya deregi:*

Mp (16 - 59), Wp (16 - 54) - statistika organlarınıń maǵlıwmatları;

Ip – byudjetten tısqarı Pensiya qorı maǵlıwmatları;

PP – byudjetten tısqarı Pensiya qorı maǵlıwmatları.

WTP – statistika uyımları hám byudjetten tısqarı Pensiya qorı maǵlıwmatları.

*Miynet penen bánt bolǵanlar sanı tómendegi formula boyınsha esaplanadı:*

E = EOs + EIs + LM, bunda:

Eos - ekonomikanıń rásmiy sektorında miynet penen bántler;

EIs - ekonomikanıń rásmiy emes sektorında miynet penen bántler;

LM - migrant miynetkeshler - shet ellerde miynet etiwdi ámelge asırıp atırǵan Ózbekstan Respublikası puqaraları, shet ellerdegi Ózbekstan Respublikası wákilxanalarında islewshilerden tısqarı.

*Informaciya deregi:*

Eos - statistika uyımları maǵlıwmatları;

EIs - Bántlik hám miynet qatnasıqları ministrliginiń bántlik máseleleri boyınsha úyreniwler maǵlıwmatları;

LM - ishki isler, bajıxana uyımları hám de miynet uyımları tárepinen bántlik máseleleri boyınsha ótkeriletuǵın úyreniwlerdiń maǵlıwmatları [1].

Xalıqtıń tuwılıw hám ólim procesleri qatnasındaǵı ayırmashılıq onıń tábiyiy kóbeyiwi bolıp tabıladı. Xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwi qanday da bir sebeplerge baylanıslı ólgenlerdiń ornın jańadan tuwılǵan xalıq penen, yaǵniy bir áwladtıń ekinshisi menen almasıp, oniń jańalanıp qayta tikleniwi.

Demek, xalıqtıń sanınıń ósiwinde tábiyiy kóbeyiw deregi esaplangan tuwılıwdıń ólimnen joqarı bolıwı úlken áhmiyetke iye. Tuwılıw bolsa, óz gezeginde, ólimshilik dárejesine qaraǵanda iyiliwsheń (elastik) jaǵdayda bolıp, oniń kórsetkishleri bárqulla ózgerip turadi [4].

Jumısqa jaylastırıwǵa mútáj miynet penen bánt bolmaǵan xalıq (jumıssızlar) – nızam hújjetlerine muwapıq rásmiy túrde jumıssız sıpatında dizimge alınǵan shaxslar, sonday-aq, haqı tólenetuǵın jumısqa yamasa dáramat keltiretuǵın kásipke iye bolmaǵan, óz betinshe jumıs izlewshi hám bunday jumıs usınıs etilse, jumısqa jaylasıwǵa tayar bolǵan miynetke jaramlı jastaǵı waqtınsha miynet penen bánt bolmaǵan shaxslar;

Rásmiy túrde dizimge alınǵan jumıssızlar – 16 jastan pensiya menen támiyinleniw huqıqın alıw jasına shekemgi, miynet uyımlarında jumıs izlewshi, islewge, kásip boyınsha tayarlıqtan hám qayta tayarlıqtan ótiwge, qánigeligin arttırıwǵa tayar shaxs sıpatında dizimge alınǵan shaxslar;

Miynet penen bánt bolǵan puqaralar:

*a) jallanba jumıs islep atırǵanlar, sonıń ishinde jumıslardı tolıq bolmaǵan jumıs waqtı dawamında yamasa úyde miynet haqı alıp atırǵan, sonday-aq, haqı tólenetuǵın basqa jumısqa, sonıń ishinde waqtınsha jumısqa iye bolǵan puqaralar;*

*b) kesellik, dem alıs, qayta tayarlaw, tájiriybe arttırıw, óndiristiń toqtap qalıwı sebepli, sonday-aq, nızam hújjetlerine muwapıq waqtınsha jumısta bolmaǵan xızmetker ushın jumıs ornı saqlanıp qalatuǵın basqa jaǵdaylarda jumıs ornında waqtınsha bolmaǵan puqaralar;*

*v) haqı tólenetuǵın lawazımǵa saylanǵan yamasa tayınlanǵan puqaralar;*

*g) ózin-ózi jumıs penen támiyinleytuǵın puqaralar, sonıń ishinde, isbilermenlik jumısı menen shuǵıllanıwshılar, ózin-ózi bánt etken shaxslar, ónermentler, diyqan xojalıqları, óndiris kooperativleriniń aǵzaları, fermerler, hám nızamshılıqta názerde tutılǵan basqa da jumıs túrleri menen shuǵıllanıwshılar;*

*d) Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshlerinde, sonıń ishinde, Ishki isler ministrligi, Ayrıqsha jagdaylar ministrligi, Mámleketlik qáwipsizlik xizmeti, sonday-aq, alternativ xizmetti ótep atırgan puqaralar.*

*e) mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemlerde, sonıń ishinde óz jumısın nızamshılıqqa muwapıq ámelge asırıp atırǵan diniy shólkemlerde islewshiler;*

ekonomikalıq aktiv xalıq – miynet penen bánt bolgan puqaralar hám jumissızlar;

ekonomikalıq aktiv emes xalıq – miynet penen bánt dep esaplanbaytuǵın shaxslar, sonıń ishinde:

*óndiristen ajıralǵan halda bilim alıp atırǵan oqıwshılar hám studentler;*

*Úy biykeleri hám balalardı kútiw menen bánt bolǵan islemeytuǵın hayallar;*

*ıqtıyarlı túrde miynet penen bánt bolmaǵan shaxslar;*

miynet resursları – miynetke jaramlı jastaǵı miynetke jaramlı xalıq hám de miynetke jaramlı jastan kishi hám úlken jastaǵı miynet penen bánt bolǵan shaxslar;

miynetke jaramlı jastaǵı miynetke jaramlı xalıq – islemeytuǵın birinshi hám ekinshi topar mayıplarınan hám jasına qaray jeńilletilgen shártlerde pensiya alıwshı shaxslardan tısqarı, miynetke jaramlı jastaǵı shaxslar (16 jastan 60 jasqa shekemgi er adamlar hám 16 jastan 55 jasqa shekemgi hayal-qızlar);

Miynet resursları balansı – miynet resursları sanı hám quramı bar ekenligin hám de olardıń miynet penen bánt bolǵan puqaralar, jumissızlar hám ekonomikalıq aktiv bolmaǵan xalıq boyinsha bólistiriliwin kórsetiwshi kórsetkishler sisteması.

Sol sebepli, xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwi tek obyektiv faktorlarga emes, neke-shańaraq qatnasıqları, ózleriniń qálewlerine de baylanıslı. Buǵan mısal retinde házirgi kúnde jaslardıń óz shańaraqların sanalı túrde rejelestirip atırǵanlıǵı hám olardıń hár qıylı kontraceptiv qurallardan keńnen paydalanıp atırǵanlıǵın keltiriw múmkin. Bunnan tısqarı, tuwılıw dárejesine neke hám ajırasıwlar muǵdarınıń ózgeriwi de úlken tásir etedi. Jas shańaraqlarda turaq jay mashqalası, jasaw ornın ózgertiwi, sonday-aq, hayal-qızlardıń sociallıq óndiriske keńnen tartılıwı tuwılıw dárejesiniń azayıwına sebep bolatuǵın tiykarǵı faktorlardan biri bolıp esaplanadı. Bunday mashqalalar hám procesler kóp jaǵdaylarda qalalarǵa tán.

Tuwılıw dárejesine tikkeley mámlekettiń alıp barıp atırǵan demografiyalıq siyasatı, yaǵnıy xalıq arasında tuwılıwdı tártipke salıw maqsetinde ótkeriletuǵın úgit-násiyat jumısları, mámlekette tuwılıwdı kóbeytiw yamasa azaytıwǵa qaratılǵan ilajlardıń ámelge asırılıwı da úlken tásir kórsetedi.

Xalıqtıń milliy hám etnikalıq quramı hám úrp-ádetleriniń ózine tán ózgeshelikleri tuwılıw dárejesiniń úlken yáki kishi bolıwında úlken áhmiyetke iye. Máselen, kóplegen xalıqlarda tariyxıy dástúrlerine bola kóp perzent kóriw biykarǵa shekem saqlanıp kelmekte. Bul jaǵday jaqın jıllarǵa shekem mámleketimizdiń jergilikli, ásirese awıllıq jerlerdiń xalqı ushın tán bolıp kelgen. Biraq, joqarıda keltirilgen faktorlar nátiyjesinde xalıqtıń ósiw páti biraz páseyip ketti.

B.N.Semevskiydiń atap ótiwinshe, xalıqtıń tuwılıwı hám ólimi tábiyiy nızamlıqlarǵa boysınatuǵın biologiyalıq process. Oǵan bir qansha, máselen, elege shekem tolıq úyrenilmegen urıs jılları fenomeni sıyaqlı faktor da tásir etedi. Bunda, millionlap erkeklerdiń urısqa mobilizaciyalanıwı hám olardıń ólimi aqıbetinde xalıqtıń jas-jınıs quramında hayallar úlesiniń artıwına alıp keledi. Biraq, onnan keyingi jıllarda erkekler tuwılıwı hayallarǵa qaraǵanda biraz kóp bolıp, bir neshe jıllardan keyin olar arasındaǵı jınıslıq qatnas teńlesip baradı [5].

**Juwmaq.** Miynet resurslarınıń kóbeyiwinde tuwılıw hám ólim biologiyalıq processler, biraq olarǵa adamlardıń turmıs sharayatı, bilimlendiriw hám urbanizaciya dárejesi, tábiyiy-ekologiyalıq sharayatı, mámleket tárepinen ámelge asırılıp atırǵan demografiyalıq siyasatı, neke hám ajırasıwlardıń kólemi, jaslardıń óz shańaraqların sanalı túrde rejelestiriwi hám olardıń hár qıylı kontrakceptiv qurallardan paydalanıwı, hayal-qızlardıń jámiyetlik óndiriske keńnen tartılıwı, xalıqtıń milliy hám etnikalıq quramı, sonday-aq, diniy isenimli hám úrp-ádetleri sıyaqlı bir qatar faktorlar úlken tásir etedi.

Miynet resursları qalay qáliplesiwin anıqlaw ushın biz birinshi, miynet resursların úsh iri jas toparları boyınsha – miynetke jaramlı adamlar, miynetke jaramlı adamlardan jaslaw hám miynetke jaramlı jastan úlken adamlardı, ekinshiden, hár bir topar xalıqtıń sanına, onıń ózgeriwine tásir etiwshi faktorlardı, úshinshiden, miynet resursları hám xalıqtıń tábiyiy hám mexanikalıq ózgeriwindegi ulıwma hám ózine tán táreplerin kórip shıǵıwımız kerek.

**Ádebiyatlar**


1. O‘zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2017-yil 22-dekabrdagi «Ishga joylashtirishga muhtoj aholi sonini aniqlash, shu jumladan, uy xo‘jaliklarini mehnat bilan bandlik masalalari bo‘yicha o‘rganishlar o‘tkazish, shuningdek, mehnat resurslari, bandlik va aholini ishga joylashtirish balansini shakllantirish metodikasini takomillashtirish to‘g‘risida»gi 1011-son Qarori.
2. Embergenov N.J. Qaraqalpaqstan Respublikası xalqınıń ósiwiniń jaylasıwındaǵı ózgeshelikleri. g.i.k. ilimiy dárejesin alıw ushın jazılǵan dissertaciya jumısı. – Tashkent: 2011.
3. Muminov D.Ǵ. Xalıqtıń geografiyası hám demografiya tiykarları. (oqıw qollanba) – Tashkent: (б.и) 2001.
4. Xodjaeva G.A., Embergenov N.J., Qaraqalpaqstan Respublikası demografiyası. – Nókis: 2021.
5. Soliyev A.S., Komilova N.K., Yanchuk S.L., Jumaxanov Sh.Z., Rajabov F.T. Iqtisodiy va ijtimoiy geografiya. Darslik. – Toshkent: «Universitet», 2019.
6. Максакова Л.П. Миграция населения. – Тошкент: «Ўзбекистан», 1987.
7. Bo‘rieva M.R., Tojieva Z.N., Zokirov S.S. Aholi geografiyasi va demografiya asoslari. – Toshkent: «Tafakkur», 2011.
8. Utepova G.B. Mustaqillikning dastlabki davrida Qoraqalpog‘iston Respublikasi qishloq joylarining demografik rivojlanishi va mehnat resurslari muammolari. (Monografiya) – Nukus: «Ilimpaz», 2025.
9. Мулляджанов И.Р. Демографическое развитие Узбекской ССР. – Тошкент: «Фан», 1983.